

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data paragrap jeung deskripsi data anu dipedar dina bab IV, aya tilu hal anu bisa dicindekeun dina ieu panalungtikan anu patali jeung kohérensi référénsial dina rubrik Carita Pondok majalah *Manglé*. Éta tilu hal téh nyaéta (1) wanda kohérensi référénsial antiarkalimah; (2) dominasi wanda kohérensi référénsial dina rubrik Carita Pondok majalah *Manglé*; jeung (3) babandingan paragrap nu ngandung kohérensi référénsial jeung paragrap nu teu kohéren dina rubrik Carita Pondok majalah *Manglé*. Dumasar hasil analisis, jumlah data paragrap sakabéhna aya 447 data anu papasinganana dipedar ieu di handap.

- a. Kohérensi référénsial sakabéhna aya dalapan wanda, anu masing-masing wanda miboga papasinganana deui. Aya sababaraha papasingan wanda kohérensi référénsial anu kapanggih dina ieu panalungtikan diantarana tatali kausalitas *sabab-akibat* jeung tatali kausalitas *alesan-akibat*; tatali komparatif *ngupamakeun* jeung tatali komparataif *lalandian*; tatali parafrasis; tatali implikatif *latar-inklusif* jeung tatali implikatif *latar-kacindekan*; tatali idéntifikatif; tatali aditif; tatali generalisasi *generik-spesifik* jeung tatali generalisasi *spesifik-generik*; tatali résultatif *sarana-hasil*; tatali résultatif *sarana-tujuan*; tatali résultatif *sarat-tujuan*; jeung tatali résultatif *anéksi-hasil*.
- b. Dominasi wanda kohérensi référénsial anu pangréana nyaéta wanda kohérensi référénsial parafrasis anu jumlahna aya 128 data paragrap. Ieu hal disababkeun rubrik Carita Pondok kaasup kana wacana narasi anu ngajelaskeun kajadian atawa peristiwa boh sipatna nyata, atawa sipatna rékaan, anu hartina eusi wacana Carita Pondok aya pikeun ngajelaskeun bagéan wacana séjénna ku cara diparafraseu ngagunakeun basa nu leuwih jéntré. Data anu pangsaeutikna nyaéta tatali résultatif *sarat-hasil* anu kapanggih 1 data paragrap. Wanda kohérensi référénsial séjénna anu kapanggih nyaéta aya, tatali aditif 68 data paragrap, tatali implikatif *latar-inklusif* 57 data, tatali kausalitas *sabab-akibat* 38 data, tatali kausalitas *akibat-alesan* 28 data, tatali kausalitas *alesan-akibat* 27 data, tatali implikatif *latar-kacindekan* 22 data, tatali generalisasi *generik-*

*spesifik* 21 data, tatali komparatif *ngupamakeun* 14 data, tatali idéntifikatif 11 data, tatali résultatif *anéksi-hasil* 10 data, tatali résultatif *sarana-tujuan* 4 data, tatali résultatif *sarana-hasil* 4 data, tatali *komparatif lalandian* 2 data; jeung tatali generalisasi *spesifik-generik* 2 data.

- c. Babandingan paragrap nu ngandung kohérénsi référénsial jeung paragrap nu teu kohéren dina rubrik Carita Pondok majalah *Manglé* kawilang gedé bbédaanana. Jumlah data paragrap anu ngandung kohérénsi référénsial nyaéta aya 436 data paragrap, sedengkeun jumlah data paragrap anu teu kohérén nyaéta aya 11 data paragrap. Tina hasil analisis nu kasampak, bisa ogé dicindekkeun yén tingkat kohérensivitas rubrik Carita Pondok dina majalah *Manglé* geus kawilang alus. Tina tujuh belas carita pondok anu ditalungtik, aya salapan carita pondok nu dijerona ngandung paragrap nu teu kohéren nyaéta carpon *Katurug Katutuh* (1 paragrap), *Nu Miang Dina Bayeungyang* (1 paragrap), *Murid Anyar* (1 paragrap), *Atuda Kumaha* (2 paragrap), *Nu Kungsi Kalangsu* (1 paragrap), *Mangsa Sasalad Nerekab* (2 paragrap), *Lock Of Love* (1 paragrap), *Ani Sobat Kuring* (1 paragrap), jeung *Jurigna Datang* (1 paragrap).

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi anu dipedar saméméhna, implikasi tina ieu panalungtikan diantarana pikeun masarakat, ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh masarakat hususna ngeunaan kohérénsi référénsial anu aya dina wacana. Pikeun pangatik saperti dosén atawa guru, bisa nambahán référénsi pikeun panalungtikan satulunya ngeunaan kabasaan, hususna ngeunaan kohérénsi référénsial. Pikeun pamilon atikan, bisa dipaké pikeun référénsi panalungtikan, ngajembaran pangaweruh, sarta pikeun maluruh kabasaan utamana dina medar kohérénsi référénsial.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu dipedar saméméhna, aya sawatara rékoméndasi anu patali jeung ieu panalungtikan, nyaéta 1) pikeun panalungtik bisa leuwih ngajembaran deui pangaweruh ngeunaan kabasaan jeung wacana; 2) ieu panalungtikan medar ngeunaan kohérénsi référénsial dina rubrik

Carita Pondok majalah *Manglē* édisi bulan Séptémber 2021, bakal leuwih hadé saumpamana édisi anu ditalungtik leuwih loba; jeung 3) luyu jeung tiori nu dipaké, wanda kohérénsi nurutkeun Yayat Sudaryat dibagi jadi dua, aya kohérénsi référénsial jeung kohérénsi tékstual, bakal leuwih hadé upama kahareupna aya panalungtikan nu medar kohérénsi référénsial katut kohérénsi tékstualna.